MASSACHUSETTS
Department of
Early Education and Care

Maura Healey
GOVERNOR

Kim Driscoll
LIEUTENANT GOVERNOR

Amy Kershaw
ACTING SECRETARY

Amy Kershaw
COMMISSIONER

Avètisman sou politik /Règleman yo

Tit Règleman an: Preparasyon pou Ijans nan Pwogram Swen/Gadri Timoun yo

Nimewo Règleman an: FO-26-01

Dat Li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat Li An Vigè: May 1ye Me, 2026

Lyen pou Règleman an: Emergency Preparedness in Child Care Programs Policy

---

REZIME JENERAL

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) mete ajou egzijans pou plan preparasyon ijans pwogram gadri timoun yo. Politik/Règleman sa a dekri nouvo kontni ak etap aplikasyon/antretyen ki nesesè pou plan sa yo. Egzijans planifikasyon ijans ki dekri nan politik sa a fèt pou ede pwogram gadri timoun yo prepare davans pou yo ka kenbe timoun yo ak anplwaye yo pi an sekirite jan ke sa posib nan ka si ta gen yon dezas natirèl oswa dezas yon moun fè.

Pwogram yo dwe adrese chak nan 10 pati egzijans yo detaye nan Emergency Preparedness in Child Care Programs Policy (← Règleman sou Preparasyon pou Ijans nan Pwogram Gadri Timoun) endividyèlman nan sistèm soumisyon pòtal LEAD yo a. Anplis de sa, y ap gen opsyon pou telechaje plan preparasyon ijans yo an tout antye. Pwogram yo ta dwe pare pou diskite sou plan preparasyon ijans yo ak anplwaye EEC pandan vizit pwogram yo.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout pwogram gadri ki gen lisans epi ki resevwa finansman.

SIJÈ KI ENPÒTAN YO

Pwogram swen/gadri pou timoun yo dwe kreye epi kenbe/mentni yon plan preparasyon pou ijans ki gen enfòmasyon ki adrese chak nan kondisyon sa yo (sa yo make ak " * " gen

nouvo kontni kondisyon ki pa t prezan nan ansyen politik Plan Kontinjans an Ijans EEC yo):

1. Kominikasyon ak Otorite yo*
2. Kominikasyon ak Reyinyon ak Fanmi yo*
3. Kouran, Echofaj, ak Dlo*
4. Timoun ki pèdi/disparèt
5. Rete Abrite w kote w ye a
6. Konfinman
7. Evakyasyon
8. Relokalizasyon*
9. Kontinye Operasyon yo Imedyatman*
10. Fòmasyon pou Anplwaye ak Egzèsis Pratik*

Politik/Règleman Preparasyon pou Ijans lan enkli ladan tou nouvo pati ki sipòte aplikasyon egzijans plan sa yo:

- Fòmasyon sou Plan Preparasyon pou Ijans
- Egzèsis pratik
- Afiche/Pibliye ak Notifikasyon
- Soumèt li Bay EEC

PA AJOU/ EKSPIRE

1. Règleman/Politik EEC : Plan Kontinjans pou Ijans (2014)
2. Règleman/Politik EEC : Plan Kontinjans an Ijans pou Pwogram ki Finanse (2019)